

Fich Konsèy

- 1 Kòmanse jèn depi ou mache avèk bebe yo ak jèn timoun yo anvan yo aprann li. Pale avèk pitit ou pandan tout lajounen, avèk fraz ki kout ak senp. Si ou pale avèk pitit ou menm anvan li kapab pale sa ap ede li pita lè l ap aprann li ask ekri.
- 2 Li pou pitit ou epi li ansanm avèk pitit ou chak jou. Li enpòtan anpil pou fè lekti awotwva pou pitit ou anvan li kòmanse lekòl. Ede pitit ou li avèk ou. Mande pitit ou pou jwenn lèt ak mo nan paj la epi pale avèk pitit ou konsènan istwa a.
- 3 Ede pitit ou fè lekti poukont li. Lekti nan kay ede timoun yo travay pi byen nan lekòl. Mete anpil liv timoun lakay ou epi vizite bibliyotèk la oswa libreri a souvan. Ede pitit ou resevwa kat bibliyotèk li epi mande li pou chwazi pwòp liv yo.
- 4 Si pitit ou gen yon andikap, li ka jwenn lekti lakòz li fwistre. Itilize teknoloji pou sipòte lekti tankou liv-odyo nan yon aparèy, anrejistremant odyo oumenm k ap li yon liv pou pitit ou kapab li ansanm avèk ou, oswa itilize aplikasyon ki souliyen mo yo pandan pitit ou ap li yo awotwva.
- 5 Ede pitit ou wè lekti sa a enpòtan. Sijere lekti kòm yon aktivite nan tan lib. Asie pitit ou jwenn tan nan lajounen li pou fè lekti. Trase yon bon egzanp pou pitit ou depi ou li journal, magazin ak liv devan pitit ou. Si w ap li nan yon aparèy, montre pitit ou ak lè w ap fè yon lekti.
- 6 Prepare yon zòn pou lekti lakay ou. Mete liv ki enterese pitit ou nan kote ki vizib ak kote li kapab pran yo fasil. Pandan pitit ou ap vin yon lektè ki pi konpetan, sonje pou ajoute liv nivo siperyè nan koleksyon ou.
- 7 Bay pitit ou materyèl pou ekri. Timoun yo vle aprann fason pou ekri ak fason pou pratike ekriti. Ede pitit ou aprann depi ou genyen papyè, kreyon, plim oswa kreyon koulè lakay ou. Ankouraje kreyativite ak volim ekriti olye ou gen twòp enkyetid konsènan òtograf oswa kaligrafi.
- 8 Li epi ekri avèk pitit ou nan lang natifnatal ou. Si ou pratike nan lang natifnatal ou sa ap ede pitit ou aprann li ak ekri Anglè.
- 9 Lekti tèks ki bay anpil enfòmasyon gen menm enpòtans avèk lekti woman. Bay pitit ou opòtinite pou li fè lekti tèks ki gen anpil enfòmasyon ki annamoni avèk enterè li. Chèche liv ak atik ki prezante ekip espòtif pitit ou pi renmen, pèsonalite istorik, pastan, ak lòt sijè enteresan.
- 10 Konsidere lekti pou plezi kòm yon valè. Prèske nenpòt sijè jèn timoun ou yo li – tankou Sunday comics – ede devlope ladrès nan lekti.

Ale sou sitwèb RIF.org/literacy-central pou jwenn aktivite nan liv gratis